




ZVEMWEYA NEMASVIKIRO ZVINOFUMURWA

Chidzidzo 10 cha Chikumi 8, 2024




"Nokuti Ishe pachake achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari, uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Shure kwaizvozvo, isu vachiri vapenyu uye vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore kuti tisangane naShe mudenga. Nokudaro tichava naShe nokusingaperi."
(1 VaTesaronika 4:16, 17)

Nhema dzekutanga dzatakaudzwa nadhiyabhorosi dzaiva:
“Hamungafi zirokwazo”(Gen. 3:4). Uye takazvitenda!

Vanenge vanhu vose vakatenda - uye vanoramba
vachitenda - kuti tine mweya usingafi kana, neimwe
nzira, chimwe chikamu chinoziva chehupenyu
hwedu chinopukunyuka rufu.

Bhaibheri, mukupikisa, rakajeka uye rinosimbisa: “Mweya
unotadza ndiwo uchafa” (Iz. 18:20). Kukonana
kwemuchadenga kunotenderera pamubvunzo unokosha:
Ndiani wauchatenda, dhiabhorosi kana Mwari?



Zvemweya nemasvikiro nerufu:



Mweya(soul) usingafi.



Rufu muTestamende Yakare.



Rufu muTestamende Itsva.



Zvemweya nemasvikiro mumazuva ekupedzisira:



Zviratidzo nezvinoshamisa.



Chinangwa chezvemweya.

ZVEMWEYA

NEMASVIKIRO

NERUFU





MWEYA(SOUL) USINGAFI

"Sokunyangarika kunoita gore ndokuenda, saizvozvo uyo anoburukira kubwiro haadzokizve." (Jobho 7:9)

Kazhinji, zvinotendwa kuti munhu ane hunhu huviri: muviri nemweya/spirit (kana soul). Zvinotendwa kuti zvikamu zviviri izvi zvinogona kurarama zvakazvimirira.

Asi Bhaibheri rinodzidzisa kuti tinoumbwa ne“zvikamu”

zvitatu:“mweya(spirit), nomwoyo(soul), nemuviri” (1VaTes. 5:23).

Rinodzidzisawo kuti zvikamu izvi zvinodyidzana. Genesi 2:7 inotidzidzisa kuti Mwari anosika muviri, anoupinza nehupenyu (spirit), uye anova mweya mupenyu(“mweya(being),” muchiHebhuru unonzi *nefesh* = “mweya(soul)”).

Saka mweya(soul) mubatanidzwa wemuviri nemweya(spirit). Isu hatina mweya, TIRI mweya.

Kana mweya weupenyu ukatisiya, tinorega kuvapo. Hapana chikamu chehupenyu hwedu chine hupenyu hunoziva mushure mekufa. Muviri unofa, mweya/spirit (simba roupennyu) rinodzokera kuMupi wazvo, uye mweya(soul), chibereko chomubatanidzwa womuviri nomweya, chinorega kuvapo (Mup. 12:1-7; Ezek. 18:20; Jobho 7 :7-9).



MWEYA(SOUL) USINGAFI

"Sokunyangarika kunoita gore ndokuenda, saizvozvo uyo anoburukira kubwiro haadzokizve." (Jobho 7:9)



Kubva pakapinda chivi munyika yedu, Satani anga achishandisa vanhu vakatsvaka kukurukura nevakafa uye kuwana kubva kwavari zivo inokosha yezviri kuitika iye zvino kana kuti mune remangwana.

Idzi mhando dzevanhu, dzinoshandisawo dzimwe nzira senge kudeketerera, mashiripiti kana kuongorora nyeredzi, parizvino vanozivikanwa sevatauri nevakafa kubudikidza nesvikiro.



Bhaibheri rinotidzidzisa kuti “Nokuti uose uanoita zinhu izi uanonyangadza Jehova” (Deut. 18:10-12). Mutongo wemhosva iyi waiva rufu (Revhitiko 20:27).

“Zino kana uaciti kwamuri: Bvunzai maşikiro nauauuki, uanorira nokuita zeve-zeve — ko uanhu hauafaniri kubvunza Mnjari wauo here? Ko uanofanira kubvunza uakafa pamsoro pauapenyu here? Dzokerai kumurairo nokuzipupuriro! Kana uasingatauri sezinoreva shoko iri, hauangau neciedza camangwanani” (Is. 8:19-20).



RUFU MUTESTAMENDE YAKARE

“Uakafa havarumbidzi Jehova, Kunyange aninani unoburukira kwakanyarara” (Mapisarema 115:17)



Kunyange zvazvo pasina anoti pamariro “hama yedu iri kufamba yakananga kugehena,” kureurura kuzhinji kunodzidzisa kuti, parufu, “vakanaka” vanokwira zvakananga Kudenga kunova naJesu, uye “vakaipa” vanorangwa kana kuti kungodzungaira. Asi Bhaibheri rinodzidzisei nezveizvi?

Tinogona here kurumbidza Mwari mushure mekufa?

Mapisarema 115:17

Vanofa vanoziva here zvinoitika kuhama dzavo kana shamwari?

Jobho 14:21

Vakafa vangadyidzana nevapenyu here?

Muparidzi 9:6

Tinogona here kuramba tichifunga mushure mekufa?

Muparidzi 9:5

Tichakwanisa here kuita chero mhando yebasa mushure mekufa?

Muparidzi 9:10

Testamende Yekare inodzidzisa kuti rufu kurota. Kurara kuti umuke chete kana Mwari atidana kuti tidzoke kuupenyu(1 Madzimambo 2:10; 14:20; Dan. 12:13).




RUFU MUTESTAMENDE ITSVA

"Razaro, hama yedu, wavata; asi ndinoenda, kuti ndimumutse pahope" (Johani 11:11)

Testamente Itsva inodzidzisa, kufanana neYekare, kuti rufu ihope umo Jesu oga anogona kutimutsa (Jn. 11:11-14; Jn. 5:28-29).


Paainyorera vaTesaronika, Pauro akataura navo nezve "uauete," ndiko kuti, avo vakanga vatofa, uye akavaudza kuti vaizomutswa kuti vaende naJesu paKuuya kwake Kwechipiri (1VaTesa. 4:13-18). Kudai Pauro akadavira kuti vatendi vanoenda zvakananga kuna Jesu pavanofa, angadai akavaudza izvozvo panzvimbo pezvaakavaudza.



Achitaura nezvevakafa, Pauro anoti vachaitwa vapenyu "pakuuya kwake," kwete asti auya (1VaKo. 15:22-24). Anotiudzawo kuti "Hatingauati tose." Vapenyu vachashandurwa nechinguva chidiki, asi vakafa vachamuka vashandurwa kare (1VaKo. 15:51-52).

Kumuka kunokosha pakuva naJesu. Pasina rumuko, hapana ruponeso (1VaKo. 15:13-18). Mukumuka ndimo matichagamuchira nhaka yedu, naizvozvo tinofanira kumirira nguva iyoyo (1P. 1:3-5).

**ZVEMWEYA
NEMASVIKIRO
MUMAZUVA
EKUPEDZISIRA**



ZVIRATIDZO NEZVINOSHAMISA

"Nokuti vanaKristu venhema vacamuka, navaprofita venhema, vacaita ziratidzo nezinoshamisa, kuti vatsause vakasanangurwa, kana zicibvira." (Marko 13:22)

Zvemweya nemasvikiro isangano rinotungamirirwa naSatani pachake, uye hwaro hwaro kusafa kwemweya(soul). Vateveri varo vanodavira kuti vanogona kukurukura navakafa, uye vanotaura kuti vanogamuchira masimba anopfuura omuzvarirwo kwavari.

Kunyange zvazvo vakaganhurirwa naMwari zvino, nguva ichasvika apo lye achavabvumira kuita manenji asingarambiki ayo achashamisa avo vanovaona (Mk. 13:22; 2VaT. 2:9; Zva. 7:1; 13:13)-14).

Mushure mekuona kudzorera kwakakwana kwemunhu anorwara nechirwere; motokari yakamira kuti tswii kuti irege kutidhuma; kana kuti amai vedu vanodiwa, zvino vafa, vachitaura nesu nounyoro pamberi pameso edu amene... hatingadaviri here uyo anoita zvishamiso zvakadaro? Hatzokwanisi kuvimba nepfungwa dzedu kana manzwiwo edu.



Chengeteko bedzi muizvo tinoziva zveShoko raMwari, uye chivimbo chakazara muna Jesu, chichatibvumira kudzivisa miedzo yokupedzisira yomuvengi(Is. 8:20; VaEfe. 6:13).

CHINANGWA CHEZVEMWEYA NEMASVIKIRO

“nokuti ndiyo mneya yakaipa inoita ziratidzo; inoenda kumadzimambo enyika yose, kuvakokera kukurwa pazuva iro guru raMnjari wamasimba ose” (Zvakazarurwa 16:14)

Vavairo yaSatani ndeyekukunda hondo naMwari, kupidigura hurumende Yake, uye kugara pachigaro Chake (Isa. 14:13-14). Kuti aite izvi, achashandisa chero nzira kuti akunde munhu wese, kutanga nemasimba ezvematongerwo enyika anotitonga (Zva. 16:12-14).

“Sechiito chokuvharisa mumutambo mukuru wokunyengera, Satani pachake achaita saKristu” (EGW “The Great Controversy”, Chapter 39 p. 625.)



Asi panguva iyoyo ndipo Jesu achagumisa nyaya yacho (Zva. 16:15). Satani muvengi akakundwa. Akakundwa naKristu, uye akakundwa nevaya vanobatirira paropa Rake(1Jn. 2:14; 4:3-4; Zva. 3:21; 5:5; 12:11).

Chiratidzo chakasiyana cheavo vanotarisa nekunyengera kwemweya ndechekuti: “uanocengegeta mirairo yaMnjari nokutenda kwaJesu” (Zva. 14:12).



“Ndakaona kuti vatsvene vanofanira kunyatsonzwisisa chokwadi chazvino, chavanosungirwa kuchengeta kubva muMagwaro. Vanofanira kunzwisisa chimiro chevakafa; nokuti mweya yemadhimoni ichazoonekwa kwavari, ichizviti ihama dzinodiwa kana shamwari, ichavaudza dzidziso dzisiri mumagwaro. Ichaita zvose zvainogona kuti inzwire tsitsi uye ichaita zvishamiso pamberi pavo kuti isimbise zvainotaura. Vanhu vaMwari vanofanira kugadzirira kupikisa mweya iyi nechokwadi cheBhaibheri chokuti vakafa havana chavanoziva, uye kuti vanoonekwa saizvozvo mweya yemadhimoni.”-Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (Early writings, p. 262)